

DOKUMEN NEGARA
SANGAT RAHASIA



Nama :
Nomor :

MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGLENCONG
PENILAIAN AKHIR TAHUN
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata pelajaran : BAHASA JAWA	Hari/Tanggal :
Kelas : VI (Enam)	Waktu :

Pilihlah salah siji wangsulane sing ko anggep benar kanthi nulis hurufe!

- Tembung globalisasi iku asale saka....
a. global b. globe c. globalisasi d. globale
- Tembung globe tegese
a. bola b. dunia c. bola dunia d. bumi
- Donya kang tanpa wates jalaran saka majune ilmu pengetahuan lan teknologi diarani....
a. global warming b. global warning c. dunia d. globalisasi
- Globalisasi nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap sawijining negara.
Tembung *pangaribawa* tegese....
a. pengaruh b. kuwajiban c. gegayutan d. sangkut paut
- Cangkriman iku ana kang awujud wancahan,ana kang wujud pepindhan,ana kang awujud blenderan,lan uga tembang. Sing diarani cangkriman yaiku
a. Unen-unen utawa tetembungan kang kudu di bedhek isine / karepe
b. Unen-unen kang ajeg panganggane / ora kena diowahi mawa teges tertentu
c. Unen-unen kang ajeg panganggane mawa teges tertentu sing disemoni sifat uwong
d. unen-unen kang endah
- Salah sawijine dampak ... globalisasi yaiku komunikasi kang tansaya gampang.
a. negatif b. netral c. positif d. ala
- Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pakon yaiku
a. Sapa jenengmu? c. Aku lagi sekolah.
b. Piro regane buku kui? d. Tutupen lawange!
- Ing ngisor iki sing kalebu ukara kang nduweni pola J-W-L-K, yaiku
a. Budhe lagi dondom klambi c. Mely lagi ana kelas
b. Ibu mundhut sayuran menyang Pasar d. Bimo mangan dhek sore
- Sing kalebu dampak positif globalisasi yaiku
a. ilange budaya asli c. komunikasi saya angel
b. majune teknologi d. ilange pakulinan gotong royong
- Nina nyiram kembang.*
Ukara tanduk iki yen diowahi dadi ukara tanggap yaiku
a. Kembang disiram Nina c. Kembang wis disiram Nina
b. Nina seneng nyirami d. Nina seneng kembang
- Unen-unen utawa ukara kang kudu dibatang utawa dibedek diarani
a. cangkriman b. parikan c. wangsalan d. tembang
- Pakboletus*, batangane yaiku....
a. bubur panas kokopen
b. kaki macak iket-iketan
c. tapak kebo ana lelene satus
d. watu kobong watune mendhelis
- Bocah cilik tlusap tlusup nang kebon, batangane yaiku
a. clana b. dom c. kates d. pring
- Pitik walik saba kebon, batangane
a. sulak b. angka c. nanas d. sapu
- Ukara ing ngisor iki nggunakake ater-ater Tri Purusa (dak, kok, di) *kajaba*
a. Klambine Siti lagi dakjahit c. Kembang mawar iku lagi disirami Ani
b. Bukuku opo kokjupuk? d. Adik lagi mangan sega pecel

16. *Bapak nembe maos koran ing teras ngajeng*. Sing dadi wasesane ukara kasebut yaiku
a. bapak b. nembe maos c. koran d. ing teras ngajeng
17. Globalisasi iku saka basa latin, yaiku. . . .
a. global b. globe c. globalisasi d. globale
18. Tembang macapat iku sawijine karangan kang kaiket mawa paugeran: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan. Tembang macapat iku cacahé ana....
a. 10 b. 11 c. 12 d. 13
19. *Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis*.
Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi
a. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis
b. Santi lagi ditulis aksara jawa.
c. Aksara jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi
d. Nulis Santi aksara jawa ing buku tulis
20. *Godhong klaras godhong.....*
Bocah memelas luru rejeki
Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing parikan iku....
a. angka b. krambil c. kemangi d. gedhang
21. *Saben dina Minggu, Sinta bola-bali menyang alun-alun saperlu arep olahraga bareng kancane*.
Tembung rangkep bola-bali tegese... .
a. Mulih b. Bali c. Wira wiri d. Budhal mulih
22. Salah sijine paugeran tembang macapat yaiku guru wilangan. Ing ngisor iki sing diarani guru wilangan yaiku
a. Bait c. Dhong dhinge suwara ing saben pungkasané gatra
b. Cacahing gatra saben sapada d. Cacahing wanda ing saben sak gatra
23. Batangane paribasan ing ngisor iki yaiku
lawa lima kalong telu,
a. enem b. pitu c. wolu d. sanga
24. Mripate bocah sing ayu kae yen cinandra
a. blarak sempal b. mucuk eri c. jambe sinigar d. ndamar kangingan
25. Pak Herman olehe nyambut gawe nganti adus kringet. Tembung entar kang kacetak miring duweni teges....
a. nyambut gawe abot banget c. metu kringete
b. adus nganti kringeten d. entheng banget
26. *Bapak benjing sonten badhe tindak ... Semarang*. Tembung sing cocok kanggo ngisi cecek-cecek ing dhuwur yaiku....
a. saka b. dhateng c. saking d. menyang
27. Ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap, yaiku
a. Adhiku ngundhuh pelem.
b. Tulung, aku penekne wit jambu kui!
c. Rotine dipangan Adhik.
d. Ibu mundut jajan kanggo simbah.
28. *Rikmanipun Simbah sampun kathah ingkang pethak*. Ukara kang nggango basa krama kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku
a. Rambute simbah wes akeh sing putih
b. Rekmane simbah wes akeh sing putih
c. Rambute simbah sampun akeh putihe
d. Rambute simbah sampun kathah putihe
29. Ing ngisor iki sing kalebu dhampak positif globalisasi, yaiku
a. ilange budaya asli c. komunikasi soyo angel
b. majune teknologi d. ilange pakulinan gotong royong
30. Sing kalebu dhampak negatif globalisasi, yaiku
a. masyarakat tansah maju c. anane pasar global
b. majune teknologi d. ilange pakulinan gotong royong
31. Wira usaha iku asale saka tembung... lan usaha.

- a. wara b. wiri c. wari d. wira
32. ... *sing gawe layangan kuwi?*
Tembung pitakon kang mathuk yaiku....
a. kapan b. sapa c. kepriye d. wayah apa
33. Kabeh teks iku ngemot ... dhewe-dhewe
a. pituduh b. informasi c. cara d. sebab
34. Ing ngisor iki tumindak kang dadi panyebab lingkungan rusak, **kajaba**...
a. alas kobong b. gunung gundhul c. tebang pilih d. banjir
35. Prastawa kang kadaden ing donya iki bisa dimangerteni lumantar ...
a. sesorah b. pawarta c. wara-wara d. pitutur
36. Globalisasi nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap sawijining negara.
Tembung *pangaribawa* tegese ...
a. pengaruh b. kewajiban c. gegayutan d. sangkut paut
37. Salah sawijine dhampak ... saka globalisasi yaiku komunikasi kang tansaya gampang.
a. negatip b. netral c. positip d. ala
38. Lunture kabudayan lan nilai-nilai luhur bangsa klebu salah sawijine dhampak ...globalisasi.
a. positip b. negatip c. netral d. apik
39. Ing ngisor kang **ora** kalebu tembang macapat yaiku....
a. mijil b. wirangrong c. pangkur d. pucong
40. Paugeran tembang macapat ana telu, yaiku guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
Guru gatra yaiku ...
a. cacahé gatra saben sagatra c. cacahé wanda saben sagatra
b. cacahé gatra saben sapada d. cacahé wanda saben sapada
41. Ing ngisor iki kang **ora** kalebu jinis cangkriman, yaiku...
a. cekakan b. irib-irib c. tembang d. wangsalan
42. Kang kalebu fungsine cangkriman yaiku...
a. sarana hiburan c. sarana pertunjukan
b. sarana pagelaran d. hobi
43. Cangkriman kang kadadean saka tembung-tembung kang diwancah utawa dicekak diarani cangkriman...
a. wancahan b. pepindan c. blenderan d. tembang
44. *Duwe rambut ora duwe ndhas*, batangane yaiku...
a. tebu b. pring c. anggrek d. jagung
45. Bocah tlusap tlusup nang kebon, batangane...
a. clana b. dom c. kates d. pring
46. Dodolan online iku olehe nawakne jasa/barang bisa nggunakake sarana...
a. internet b. satelit c. pasar d. layang tulis
47. *Gajah numpak sepedha ketok apane?* batangane yaiku...
a. ketok gorohe b. ketok sikile c. ketok mripate d. ketok wetenge
48. Ing ngisor iki kang **ora** kalebu cangkriman wancahan, yaiku...
a. langdikum ditasbir c. gerbong tulis
b. bot ginawa entheng d. gajah ngidak endhog ora pecah
49. Perangane pidhato kang ngandharake pangarep-arep yaiku...
a. atur pakurmatan
b. apa kang dikarepake dening pamedhar sabda
c. wigatine saka pidhato kang diandarake
c. Atur panuwun lan pangapura
50. *Bapak pocung wujud mlungker kaya kalung, tangan papanira, nuduhake rina wengi lamun mati bingung wektu sang bendara.*
Batangane yaiku...
a. tasbih b. ali-ali c. gelang jam d. binggel